

Gid pou Kominike

Afasi, se yon maladi ki afekte fason yon moun genyen pou li kominike avek yon lot. Maladi sila anpeche moun pale, li, ekri oswa kompran langaj lot moun kap pale avek li. Men inelijans moun ki souffri de maladi Afasi ya pa atake. Maladi Afasi kapab devlope apre ke moun sila genyen yon domaj nan sevo li. Domaj sila se resilta maladi estrok la ou yon akcidan. Me yon lis trik ou sign ke ou kapab itilize pou rend kominikasyon avek moun ki souffri de maladi Afasi ya pi facil.



Al dousman. Tan. Bay moun ki souffri de maladi Afasi tan pou li kominike. Pa fini fras la pou li ou byen di li mo ke lap cheche. Fe sa selmen si moun ki souffri de maladi sila mande ou pou ou ede li nan sens sa.



Fe atensyon. Fe ampil atensyon a bri. Femen radio, television. Epi pale Dousman, pa pale fo ou byen krye, ou rele.



Itilize lot fom kominikasyon. Essaye diferan fason pou fe pase mesaj la tel ke desein, gest, ekri ou itilize gest nan fig ou pou ou kominike avek moun ki souffri de maladi Afasi ya.



Kosyon Pran prekosyon. Fé yon fason pou ou konnen si moun nan konpran sa ou ap diskite a. Poze kesyon senp, li kapab reponn ak wi oswa Non, tcheke pou wè si moun nan konprann sa w'ap diskite avèk li pandan li repon wi oswa non.